dungeen dugg àjjana ndare ngeen gëm, te dungeen gëm ndare ngeen bëggante, moo ndax duma leen tegtal lol su ngeen ko defee dangeen bëggante? Siiwalleen ab nuyóo seen diggante

Jële nañu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne : Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «dungeen dugg àjjana ndare ngeen gëm, te dungeen gëm ndare ngeen bëggante, moo ndax duma leen tegtal lol su ngeen ko defee dangeen bëggante? Siiwalleen ab nuyóo seen diggante».

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day leeral ne kenn du dugg àjjana lu dul way-gëm ñi, te gëm du mat, mbiri mbooloom jullit ñi tamit du yéwen ba keroog ñenn ñi bëgg ñeneen ñi. Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- wane mbir yi gën yoy ci la bëggante di ame, te mooy tasaare nuyóog jàmm ci diggante jullit ñi, nuyóo bi Yàlla def muy nuyyoob jaamam ñi.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/3361